



# PAKIN ANPLWAYE NAN CYPRESS GARAJ AP CHANJE PLAS

Jou kap lindi premye me 2017, a minwi youn minit tapan, Pakin anplwaye ki nan Cypress Garaj la ap chanje plas. Li prale nan nouvo Pakin pou anplwaye ki nan lwes ayewopò an sou SW 42nd Street. Cypress Garaj la ap tou fèmen pòt li pou pakin pou anplwayé yo.

## Poukisa

- Pakin anplwaye ayewopò yo nan Cypress Garaj la te koumanse nan lane 2007. Se te youn mesi tannò ki te pran paske pat genyen anpil pasaje ki te kon vin pake ladan pandan peryod gro resesyon nasyonal lan. Jodi-a bagay yo chanje.
- Kantite pasaje kap debake nan ayewopò a jodi-a fè ke gen anpil bezwen pou pakin. Nan lane 2007, te genyen 22.7 milyon pasaje ki debake. An 2016, te genyen 29.2 milyon. Sa fè yon ogmantasyon de 6.5 milyon pasaje.
- Pou yo satisfè bezwen tout pasaje sa yo, oblije genyen plis anplwaye kap travay nan ayewopò a. Pa gen ase plas nan Cypress Garaj la pou tout anplwaye sa yo pake. Nan peryod gro trafik, pandan 14 a 17 zed tan pa jou, gen preske 4,000 anplwaye pou 3,143 plas pakin.

## Sèvis otobis

- Otobis yo ap mache 24 è detan sou 24, 7 jou sou 7 ak 5 a 10 minit intèval.
- Trajè otobis la pran 20 minit e pafwa plis lè gen gwo trafik.
- Nouvo pakin pou anplwaye yo genyen 2 Lots: Lot 1 ak Lot 2.
- Chak Otobis ap idantifye. Swa Lot 1 ou Lot 2 e yap ale nan yon sèl Lot. Men wap kapab pake nan nenpòt Lot (Lot 1 ou Lot 2).
- Monte abò otobis nan nenpòt nan 14 estasyon ki nan 2 Lot yo.
- Genyen 2 arè otobis pou anplwaye yo nan nivo anwo wout ayewopò wa. Youn ladan yo ant Terminal 1 ak Terminal 2 e lot arè ya ant Terminal 3 ak Terminal 4. Arè yo ap byen idantifye.

## Sekirite

- Youn klote sekirite antoure tout pakin nan epi zon nan byen klere.
- Ap genyen youn ofisyè sekirite pakin, yon sipevise otobis navet ak anplwaye pakin yo kap patwouye zon nan.
- Chak otobis ap ekipe ak kamera interyè e eksteryè.
- Pakin Lot lan pral anba siveyans CCTV kamera.

## Enfòmasyon nan tan reyèl


Pou wè kote yo otobis ak lè yo rive, download FLL Ayewopò App a pou gratis.

## Plis Enfòmasyon

Ale nan [Broward.org/Airport/Parking/EmployeeParking](http://Broward.org/Airport/Parking/EmployeeParking)




FORT LAUDERDALE-HOLLYWOOD  
INTERNATIONAL AIRPORT  
BROWARD COUNTY, FLORIDA



\* Construction notice: The bridge over the Dania Cut-Off Canal is under construction and closed. Ravenswood Road is closed to traffic from SW 45th Street to SW 42nd Street.

## AIRPORT EMPLOYEE PARKING



1,000 copies Sa a dokiman piblik te pibliye nan yon pri brit de \$ 230, oswa \$ 0,230 pou chak kopi, enfòm anplwaye Konte sou chanjman pakin nan ayewopò an.